

JWÈT TIMOUN

Gesner JEAN PAUL¹

Nou pral fè yon prezantasyon sou tèm « *Savoir Locaux* » nan kad selebrasyon frankofoni nan peyi Ayiti.

Jodi a 13 Mas 2013, se yon dat nou gen dwa pa janm bliye piske nou pral pale tankou timoun. Jwèt « timoun lontan » te konn fè, timoun ki te konn li, ki te gen fanmi tankou timoun ki pa te konn li, ki te ap mennen yon lavi difisil, men ki te ti moun anvan yo vin granmoun.

Nou pral eseye montre enpotans jwèt, kilès ki te konn jwe, ki jwet yo te konn fè, rezon ki ta nan rasin disparisyon jwet yo. Bay kèk konsey pou fè retounen aktivite sa a ki ta kab yon sous ekonomi pou peyi a. Nou prezante sijè sa a *Jwèt Ti moun an Ayiti* pou rann Inivèsite a sansib sou kesyon sa a pou pote li antreprann valorize sa ki ta dwe valorize.

Nou swete moun ki nan piblik la koute, ekri kesyon yo ta vle poze. Kesyon yo ap poze nan lòd apre prezantasyon an.

Jwèt Timoun

Pou tout moun, men sitou pou Timoun, viv se aji. Pou timoun nan, aktivite a se yon bezwen ni kò li ni lespri li pa kapab reziste devanl. Aktivite sa se jwet ki tradwi li.

Timoun ki fèk fèt la, timoun premye anfans la genyen kèk reflèks ki pou pèmet li adapte li avèk kèk sitiyasyon li va twouve li. Men pou tout lot kalite mouvman ki pral depann de mis yo,

¹ Linguiste, professeur à la Faculté de Linguistique Appliquée (UEH).

manm li yo se li ki ap oblije degaje li pou aprann fè yo. Alò sel mwayen li ka itilize se jwèt ki kab fè li rive nan objektif sa. (Tradiksyon yon paj 36 nan liv Notre Beau Métier.)

Gen yon sikolog ki di « se avèk jwèt timoun nan kòmanse fè edikasyon tèt li ». Pou Groos « jwèt se egzèsis ensten an pisans yo ». Pou Carr « jwèt la se yon eksitan nesès pou timoun k'ap grandi ». Pou Spencer « jwèt se yon gaspiyay enèji ». Pou Claparede « jwèt se tankou yon remèd ki ka geri moun ki malad. Li di « lè timoun nan jwe, li debarase li de tout tandans agresyon ki nan li, ak tandans pou li pa pwoche sou moun, pou fè li rete ti bèt bwa

Si nou konprann byen, n'ap di pou granmoun yo jwèt la se detant ki vini apre travay. Timoun li menm pran tout bagay kòm jwèt.

Ki valè, enpotans Jwèt ?

F. Léon di nou : « Pou timoun nan, jwèt la fè disparèt fatig travay li te pran nan lekòl la. Pafwa travay la konn kontrarye respirasyon, sikilasyon, sekresyon timoun nan. Se jwèt la ki aktive yo.

Jwet la bay timoun na ladrès, ba li abitud deside pou kont li poul fè yon bagay. Li devlope lakay li sans poul ka deside sel, kenbe pou tèmine yon aktivite.

Jwet la detann timoun nan, li fòme li tou, li aprann vin solidè avèk lòt timoun, respekte prensip règ jwèt yo, aprann li latolerans. Li aprann lasoumisyon, obeyi yon chèf, aprann li pran reskonsablite li tou. Li aprann sakrifye tèt li pou bonè gwoup li ye a, li aprann aksepte echèk li, li aprann renonse ak kèk lide li konn genyen.

Li jwe ak lonbray li. Li jwe ak tè, dlo, bèt, plant. Li ba yo vi, nanm li. Li fè yo pale. Li imajinen pawol, aksyon pou yo. Li jwe pou kont li, li jwe avèk lot. Jwèt yo pèmet yo rekreye nan lespri yo imaj ki reprezante lavi reyèl la. Timoun yo pran yon bwa bale yo fè li sèvi kòm chwal, yon poupe konsidere kòm yon bebe, bebe sa fè timoun nan wè tèt li kòm manman.

Lè yo ansanm yo ap jwe yo konn di « anjwèt, pa egz. Moso asyèt (fayans) la se kòb ». Yo konn konsidere dimansyon chak

moso asyèt pou di se 10 kob, senk kob, senkant kob. Anjwèt, branch lamitye a se makawoni, an jwet kaka kabrit la (chèch) se pwa. Anjwèt nou pral lamès : yon ti gason mete wòb manman li ; li kanpe devan yon swadizan tab konsidere kòm lotèl, lot fidèl yo makiye, tèt penyen ak bel ti flè choublak oubyen lot flè.

Defrance, yon sikolog, di nou : « yon timoun ki pa jwe pa yon timoun nòmal, nan granmoun li l'ap sibi efè pa janm jwe a te kite pou li ».

Refleksyon Defrance la mennen nou nan obsevasyon delinkans jodi a. Jennjan jodi a sanble pa te konn jwe nan timoun yo, tankou yo pa te gen tan timoun, yo pa libere tèt yo ak move tandans vyolans, ak agresyon.

Jwet la tèlman endispansab nan lavi timoun yo sikopedagòg monte metòd anseyman nan matènèl dabò sou jwèt. Fraebel di « timoun ki jwe se bagay ki sakre ».

Ki kalite jwèt nou jwenn nan sosyete nou an ?

Nou jwenn jwèt ti fi, jwèt ti gason. Jwèt ki souvan pa vyolan, souvan kolèktif. Tradisyon oubyen abitud vle gen jwèt se ti fi sèlman ki fè yo, gen lòt se ti gason sèlman. Jwèt ki fèt leswa, lòt ki fèt lajounen, lòt ankò ki fèt ni lajounen ni leswa.

Kèk jwèt ki fèt lajounen sèlman :

- Jwèt mab - Marèl
- Jwèt kap - Kok batay
- Jwèt pench - Rezon bwa ou jibèn, santèn ?.....
- Jwèt kay - Voye gèp
- Jwèt toupi - Oslè
- Sote kòd - Jwèt metye

Kèk jwèt yo fè leswa

- Tire kont
- Lago kache
- Kach kach Liben

Jwèt ki fèt ni leswa ni lajounen

- Wonn
- 3 fwa pase la

- Mayi lò
- Manman- Papa
- Boul nan do, (wonn – chante)

Nan tout jwèt sa yo, nou jwenn pifò timoun jodi a pa fè yo ankò kit se andeyò, kit se lavil, kit se nan pwovens, kit se Pòtoprens. Granmoun jodi a fè remake timoun nan tan pa yo te viv timoun yo. Yo konnen lè yo te timoun, yo te reyalize peryòd yo te chanje etap nan lavi yo, sètadi, yo kite timoun piske yo sispann fè wonn, sispann jwe lafanmi, papa-manman, yo sispann fè bout bwa, pye bwa fonksyone tankou moun, yo sispann kouri sou yon bwa bale pou chwal. Yo kòmanse ak jwèt damye, domino, fout bòl, nan konpetisyon volebòl, baskèt, elatriye... Yo kòmanse renmen, jenn gason ak jenn fi. Fè yon machin ak rakèt, grenn zaboka pou wou machin vin pa enterese timoun nan ankò paske li pa santi sa koresponn ak laj li ye kounya.

Kilè timoun kòmanse pa jwe

Timoun kòmanse sispann jwe youn avèk lot, sispann gwoupe pou fè wonn, pou jwe tonton Liben, pou tire kont chante sou gouvènman Franswa Divalye, nan epòk Tonton Makout an flèch. Tikrik, Tikrak Makout la akize ou fè konnen ou pale gouvènman mal. Li mache, li pile ou si ou pa mande li padon rapid paske li twouve se pa te plas ou kote li pile ou la, li arete ou, ou ka menm disparèt. Donk tout vwazen ki te gen bon relasyon lè pèsoun pa te ko chèf tout vwazen sa yo vin ap veye zo yo, yo vin ap mache sou pinga yo. Pitit sila ki pa pitit makout la rete chita lakay li, li pa janbe ankò nan lot lakou pou al jwe. Makout kraze volonte timoun yo pou yo jwe. Konsa plizyè jwèt ap disparèt piti piti. Men detwa jwèt ki diminye anpil.

Wonn

Nou pran komin Petyonvil, kwadèboukè pa egzanp ou te jwenn moun nan popilasyon gwoupe an lakou. Timoun nan lakou ki pre yo reyini leswa yo fè wonn, yo konn fè lago kache epi yo tire kont. Se te yon pwogram chak swa.

Plizyè timoun plase an sèk, yo kenbe men. Youn ladan yo kanpe nan mitan sèk la. Yo etabli regleman yo. Si se Labatwa, timoun ki fòme wonn nan ap di mouton epi sa ki nan wonn ap reponn :

- Mouton
- Bè
- Kote ou prale ?
- M' pral Labatwa
- Kilè ou ap tounen ?
- Janmen janmen

Enben mouton sa ou pran se pa ou.

Youn bow nan dèyè mouton an ki gen je li bande. Lòt kontinye ba li tap tou youn apre lòt. Mouton an ap sispann pran tap le li kenbe yon moun ki vin tape li. Epi li pa gen dwa fache.

Kach kach Liben

Timoun yo chita plat atè, sou youn ou 2 ranje. Youn nan yo gen yon bagay nan men li, li reprezante tonton Liben. Nan tan pa mwen, nou te konn sèvi ak yon ti wòch pou tonton Liben. Li ap chante pandan li lage tonton Liben nan men yon patisipan. Li fè tankou li pran ni, li lage nan yon lòt men. Men tout moun fèmen, y'ap chante :

- Kach kach Liben
- Sere Liben
- Liben kouri
- Kache Liben
- Liben gwo tèt
- Kenbe Liben

Epi chante a sispann brip! Yo mande youn pou chache Liben. Lè sa a tout moun lonje 2 men yo tou fèmen devan yo, men yo kole fas anlè. Si timoun ki t'ap Liben an manyen yonn ki louvri men li san Liben, yo mete li deyò. Epi yo rekomanse jistan yo jwenn Tonton Liben.

Jwèt mab

Gen divès fason, dapre rechèch nou fè, ti gason yo jwe mab. N ap pran 2 egzanp.

Premye egzanp : Jwè rapousib

Rapousib la fèt ak 2 moun anjeneral. Chak jwè gen mab pa li. Yo antann yo pou youn nan yo de a lanse li anvan. Ou genyen si ou rive teke mab advèsè a ki voye boul li anvan an. Youn teke dèyè lòt jiskaske yon mab frape lòt mab la. Jwè ki pèdi a peye gaj la.

Pari a angaje sou yon kantite mab oubyen bouton, oubyen bouchon kola. Bagay y'ap parye konn enteresan si se mab pou mab sitou. Yo ka peye 2 mab, 3 mab.... Gen jou ki jou chans. Jwè a ka soti gayan nan finisman jwèt la menm si li pa maton. Men pi souvan, se pi maton an ki konn pran tout gany nan. Mazèt la soti poch vid.

Nan literati ki ekri pou esplike jan jwèt mab sa a fèt la a, nou konstate timoun yo anplwaye kèk mo yo sèl ki ka konprann yo pafwa.

Rapousib : se lè yon jwè ap tire boul li dèyè lòt, epi si ou fè m' mwen fè ou jistan youn rive teke lòt.

Teke : lanse mab la avek pik ou.

Pik : se jan ou fè dwèt pou resevwa mab epi lanse li. Se fòs pous la lè li libere ki pèmèt mab la ale pre ou lwen.

Libere : pous la te antre anba dwèt jouda, majè a epi dwèt ki konn pote bag la.

Advèsè : jwè ki anfas lòt la.

Gaj : bagay ou parye a.

Maton : lè kèlkeswa kote advèsè a ka ye jwè a rive frape li ak pa li a.

Mazèt : lè ou pa ka rive frape mab advèsè a menm si li tou pre ou. Moun ki manke ladres la, ki pa abil nan jwèt la.

Dezyèm egzanp : Jwe mab wonn

Sa a se yon nivo avanse ki pi konplike. Nan tout kote nou te ale rankontre timoun sou jan yo jwe mab wonn yo bay menm enfomasyon sa yo :

Trase teren sou plas y'ap jwe a dabò. Yo trase yon sèk yo rele tou « wonn ». Sèk la ka piti, li ka laj tou, se selon kantite mab osinon bouton, ou bouchon kola li pral resevwa, donk kantite jwè ki pral mize landann'.

Yo trase yon pa, epi yon pilad ou ka tandè pafwa pilat, ant wonn moun ak bit la. Yo bay règ jwèt la, trè souvan tout jwè aksepte san diskisyon.

Kondisyon yo gen dwa :

- Yon nèg ki pa nèg katye a pa jwe nan jwèt la.
- Mab grizon pa antre nan wonn nan.
- Pwenn fè pa : Lè ou fè yon erè ou fè li nèt. Ou peye konsekans la.
- Mo rèd.
- Pile pilad pèd.

Jwèt mab wonn nan gen yon jwe ki pase pou premye, sa vle di premye jwè ki ap teke sou wonn nan se moun ki piye jis la, sa vle di mab li a te chita sou bit la oubyen pi pre bit la pase tout lèzòt yo. Dènye a se sila mab li a te ale tonbe, te rete pi lwen bit la pase lòt yo. Se kòm si ou t'ap fè yon klasman sou baz elwayman : Jwe ki rive nan pwèn O. D a premye ; O,5, 2^e ; O,15, 3^e ; elatriye. Si ou lanse mab ou sou wonn nan epi ou ta mò, ou riske retounen opa men ou ap pase an dènye. Lè gen koudiay ou tout ti vis, jwèt la pi di. Si boul pik ou chape nan men ou pandan ou pral lanse li pa egzanp, ou oblije kite li atè epi ou tann yon nouvell okazyon pou jwe. Nèg konn fè koken sitou lè jwè a ap fè pèd. Yo konn parye yon chelèn pou 2, 3 grizon. Boul pik jwè a chwazi a pi souvan se yon chelèn. Gen de lè tou se yon chelèn bika. Men gen jwè ki konn pa vle jwe ak yon bika paske li twouve advèsè li a oubyen advèsè li yo kapab jwenn tèt li twò fasil.

Yon pati ka dire tan pou li dire ki ap ant senk ak dis minit. Pati a fini lè youn nan dènye jwè ki rete yo bay dènye tèk la oubyen tonbe nan kondisyon mò rèd.

Nou remake gen kèk mo ki itilize la, se nan kad jwèt mab sèlman ou jwenn yo, tankou :

- Pa ou bit : se yon liy yo trase pou pèmet klasman jwe yo tankou, 1^e, 2^e, 3^e... nan chak pati.
- Pati : dire jwèt la ki kòmanse depi nan piye a rive nan dènye aksyon ki t'ap mennen sou wonn nan.
- Boul pik : mab jwè a sèvi paske li renmen li pou li teke pandan pati yo.
- Chelèn : bèl mab san ti kase.
- Bika : gwo mab pi gwo pase sa ki nan wonn nan.
- Mab grizon : mab ki kase, ki gen anpil ti zongle fèt sou li.
- Mò, mò rèd : lè boul pik la rete nan mitan wonn nan.

Rezon ki fè jwèt disparèt

Se pa ajisman makout, fiyèt lalo sèlman ki fè timoun lakou yo sispann reyini pou jwe. Lekòl pa anseye jwet non plis. Pa gen okenn sèvis nan vant Leta ki te konn enterese ak jwèt timoun kòm yon eleman nan kilti sosyete a pou ta ekri teks chante, kont devinen, kont chante, anrejistre wonn jwet mab, jwet pench, rale kòd, sote kòd, gade televizyon tout jounen, elatriye.

Lapè jenn yo, granmoun yo, pèsonaj yo tankou « sèten moun ki te gen 70 al 80 zan yo te genyen pou rasanble te fè leswa tout moun antre andan kay al kouche sitou lè se senmenn kouri monte kouri desann avek chante « mete dife nan kay la ! Kay la pa pou mwen... elatriye.

Sa nou sigjere

Nou ta konseye inivèsite a ak ministè lakilti panse ak operasyon sa a : Viv pou debon. Operasyon ki ta va pase pa chache konnen tout jwèt ti ayisyen te konn fè nan peyi a

1. Prepare dokimantasyon.
2. Monte yon pwogram animasyon- Piblikasyon.

Si se inivèsite a ki ta antre nan mouvman revalorizasyon kesyon jwèt la nan lekòl, nan fanmi, nan peyi a, nou kwè yon lòt atitid ta vin pran plas nan jenès la pou yon lot Ayiti rejenere.